Qaraqalpaqstan Respublikası' Taxtakópir rayonı' HAKIMININ` SHESHIMI		Qoraqalpog'iston Respublikasi Taxtakópir tumani HOKIMINING QARORI
Taxtako'pir rayoni		Taxtako'pir tumani

№ 733 «14» - ноябрь 2017-жыл

Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2018-жыл ушын бәнт етип қойыў ҳаққында

Өзбекистан Республикасының "Халықты жумыс пенен тәмийинлеў ҳаққында"ғы Нызамның 17-статьясы (Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 1998 й., 5-6-сон, 97 модда; 1999 й., 1-сон, 20-модда; 5-сон, 124-модда; 9-сон, 229-модда; 2000 й., 5-6-сон, 153-модда; 2001-й., 5-сон, 89-модда; Ўзбекистон Республикаси Қонун ҳужжатлари тўплами, 2006-й., 25-26-сон, 225-модда; 2009-й., 52-сон, 553-модда; 2013-й., 41-сон, 543-модда; 2014-й., 4-сон, 45-модда), "Майыпларды социаллық қорғаў ҳаққында"ғы Нызамның 25-статьясы, (Ўзбекистон Республикаси Қонун ҳужжатлари тўплами, 2008-й., 29-30-сон, 277-модда; 2010-й., 35-36-сон, 300-модда; 2013-й., 18-сон, 233-модда; 41-сон 543-модда) Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2008-жыл 20-августтағы 186-санлы қарары менен тастыйықланған "Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналатуғын шахсларды жумысқа жайластырыў ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў тәртиби ҳаққындағы Реже"ге (Ўзбекистон Республикаси Қонун ҳужжатлари тўплами, 2008-й., 34-сон, 333-модда; 2010-й., 13-сон, 96-модда; 2011-й., 1-2-сон, 4-модда; 2012-й., 44-сон 507-модда) тийкар социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа жайластырыў ушын районда 2018-жыл ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў мақсетинде,

Ш Е Ш И М Е Т Е М Е Н:

1. Өзбекистан Республикасының "Халықты жумыс пенен тәмийинлеў ҳаққында"ғы Нызамның 17-статьясына тийкар социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа жайластырыў ушын райондағы кәрханалар, шөлкемлер ҳәм мәкемелер ушын жумысшылардың дизим бойынша орташа санынан 76 адамды қурайтуғын 2,6 пайыз муғдарында, сол есаптан:

а) нәгиранлар ушын 3,9 пайыз - 3 адам;

б) 14 жасқа толмаған балалары ҳәм майып балалары бар жалғыз ҳәмде көп балалы ата-аналар ушын 32 пайыз - 25 адам;

в) тәлим мәкемелерин тамамлап атырған жаслар ушын 38,1 пайыз - 29 адам;

г) мүддетли әскерий хызметтен босатылғанлар ушын 7,8 пайыз - 6 адам;

д) районлық Бәнтликке көмеклесиў орайында жумыс излеўши сыпатында есапта турған пенсия жасына жақынласып қалған шахслар ушын 2,6 пайыз - 2 адам;

е) жазаны орынлаў мәкемелеринен азат етилген, жазаны өтеп атырған яки суд қарарына көре медициналық характердеги мәжбүрий шаралар көрилген шахслар ушын 5,2 пайыз - 4 адам;

ж) басқалар ушын 9,2 пайыз - 7 адам, сол есаптан киши жастағы балалары болған ислемейтуғын ҳаяллар ушын - 2 адам, мобилизациялық шақырыў резервине киритилген пуқаралар ушын – 2 адам, адам саўдасынан жәбирленген шахслар ушын - 1 адам, әтираптағылар ушын қәўипли болмаған социаллық әҳмийетли кеселликлер менен аўырып атырған шахслар ушын 2 адам муғдарында жумыс орынлары белгиленсин.

2. Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2018-жыл ушын бәнт етип қойыў лазым болған кәрханалар дизими 1-қосымшаға, социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2018-жыл ушын бәнт етип қойыў бойынша дүзилген арнаўлы комиссия қурамы 2-қосымшаға тийкар тастыйықлансын.

3. Кәрхана, шөлкем ҳәм мәкемелер басшыларына социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумыс пенен тәмийинлеў ушын 2017-жыл жуўмақланыўынан 10 күн алдын квота жумыс орынлары улыўма муғдарының кеминде 25 пайызы ушын, 2018-жылдың 10-апрелинен кешикпей жумыс орынларының қалған 75 пайызын қураў (ажыратыў яки бәнт етип қойыў) ҳаққындағы, яғный ҳәр бир квота тайпасы бойынша жумыс орынлары бәнт етип қойылатуғын кәсиплер ҳәм лаўазымлар, қәнийгеликлер кесиминдеги мағлыўматларды ҳәм шешим бойынша шығарылған буйрық нусқаларын районлық Бәнтликке көмеклесиў орайына усыныў ўазыйпалары жүклетилсин.

4. Кәрхана, шөлкем ҳәм мәкемелер басшылары социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналатуғын шахслар ушын жумыс орынларының көрсетип өтилген муғдарын Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2008-жыл 20-августтағы 186-санлы қарары менен тастыйықланған “Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў тәртиби ҳаққындағы Реже”ге муўапық белгиленген мүддетлерде ҳәм тәртипте

жаратылыўын (ажыратылыўын яки бәнт етип қойылыўын) ҳәмде жумыс орынлары санитария-гигиена нормаларына ҳәм жумысшы өз миннетлерин биймәлел орынлаўын тәмийинлейтуғын мийнет шәраятларына муўапық болыўын тәмийинлесин.

5. Усы шешимниң орынланыўы тәмийинленбеген жағдайда кәрхана, шөлкемниң лаўазымлы шахсларына “Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў тәртиби ҳаққындағы Реже”ниң 15-бәнтине муўапық жәрийма салынады.

6. Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2008-жыл 20-августтағы 186-санлы қарары менен тастыйықланған “Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа жайластырыў ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў ҳаққындағы Реже”ге тийкар социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс излеўде қыйналып атырған шахслар ушын бәнт етип қойылатуғын жумыс орынларын район ҳәкими тәрепинен белгиленген муғдардан артықша шөлкемлестирген шөлкемлер усы жумыс орынларын шөлкемлестириўге сарыпланған қаржылардың бир бөлегин район Бәнтликке көмеклесиў орайы менен дүзилген шәртнама тийкарында Бәнтликке көмеклесиў ҳәм халықты социаллық қорғаў фонды қаржылары есабынан қаплаў ҳуқықына ийе екенликлери есапқа алынсын.

7. Районлық Бәнтликке көмеклесиў орайы (А.Баймбетов) усы шешимди тийисли кәрхана ҳәм шөлкем басшыларына жеткерсин ҳәмде оның орынланыўы үстинен қатаң қадағалаўды тәмийинлесин.

8. Тахтакөпир районы ҳәкиминиң 2016-жыл 29-октябрь күнги “Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа жайластырыў ушын жумыс орынларын 2017-жыл ушын бәнт етип қойыў ҳаққында»ғы 691-санлы шешими (“Тахтакөпир таңы” газетасы 2016-жыл, 9-декабрь, 23-сан) 2017-жыл 31-декабрьден өз күшин жойытқан деп есаплансын.

9. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў район ҳәкиминиң биринши орынбасары Р.Данеғуловқа жүклетилсин.

10. Бул шешим районлық «Тахтакөпир таңы» газетасында рәсмий түрде жәриялансын ҳәм ҳәкимликтиң веб-сайтында жайластырылсын.

11. Шешим рәсмий түрде жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

Район ҳәкими: **Ж. Адилов**

QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI TAXTAKO'PIR TUMANI HOKIMI KANTSELYARIYA QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI TAXTAKÖPIR RAYONI HÁKIMI

KO'SHIRMESI DURIS

Тахтакөпир районы хәкиминиң
2017-жыл «15»-декабрь күнги
«933» -санлы шешимине
1-қосымша

Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2018-жыл ушын бәнт етип қойыў лазым болған кәрханалар дизими

№	Мәкеме, кәрхана ҳәм шөлкемлер	Ислеўшилер саны	Ажыратылған квота орынлары саны	Соннан						
				Тәлим мәкемелерин тамамлап атырған жаслар	14 жасқа толмаған балалары ҳәм майып балалары бар жалғыз ҳәмде көп балалы ата-аналар	Нәгиранлар	Жазаны өтеў мәкемелеринен азат етилгенлер	Пенсия жасына шамаласқанлар	Мүддетли әскерий хызметтен босатылғанлар	Басқалар
1	Карантин ҳәм аса қәўипли жуқпалы кеселликлер профилактика орайы	62	2	0	1	0	0	0	1	0
2	Мәмлекетлик санитария-эпидемиологиялық бақлаў орайы	66	1	0	1	0	0	0	0	0
3	Мәденият ҳәм спорт ислери бөлими	41	2	1	1	0	0	0	0	0
4	Аўыл хожалық кәсип-өнер колледжи	124	2	0	1	0	0	0	0	1
5	Қурылыс ҳәм транспорт кәсип-өнер колледжи	62	1	0	1	0	0	0	0	0
6	Халық банк Тахтакөпир филиалы	27	2	0	1	0	0	0	0	1
7	Агро банк Тахтакөпир филиалы	29	1	0	1	0	0	0	0	0
8	Районлық жол хожалығы кесип алыў, оңлаў ҳәм пайдаланыў кәрханасы	51	1	0	0	0	1	0	0	0
9	Республикалық балаларды саўалландырыў санаториясы	29	2	0	0	1	1	0	0	0
10	Абаданластырыў басқармасы	80	1	1	0	0	0	0	0	0
11	Районлық медицина бирлеспеси	719	10	3	5	0	1	1	0	0
12	Музыка ҳәм көркем өнер мектеби	60	2	1	0	0	0	0	0	1
13	Районлық ХБМХМТҳШБ	28	2	2	0	0	0	0	0	0

14	1-санлы улыўма билим бериў мектеби	54	3	2	0	0	0	0	1	0
15	2-санлы улыўма билим бериў мектеби	114	1	1	0	0	0	0	0	0
16	3-санлы улыўма билим бериў мектеби	91	3	1	1	0	0	0	0	1
17	4-санлы улыўма билим бериў мектеби	47	2	1	0	0	0	0	0	1
18	5-санлы улыўма билим бериў мектеби	79	2	2	0	0	0	0	0	0
19	6-санлы улыўма билим бериў мектеби	77	3	3	0	0	0	0	0	0
20	7-санлы улыўма билим бериў мектеби	84	3	2	0	0	0	0	1	0
21	8-санлы улыўма билим бериў мектеби	75	2	1	0	0	0	0	0	1
22	9-санлы улыўма билим бериў мектеби	40	2	1	1	0	0	0	0	0
23	10-санлы улыўма билим бериў мектеби	78	1	0	0	1	0	0	0	0
24	11-санлы улыўма билим бериў мектеби	41	2	0	1	0	0	0	0	1
25	13-санлы улыўма билим бериў мектеби	82	1	0	1	0	0	0	0	0
26	14-санлы улыўма билим бериў мектеби	33	1	1	0	0	0	0	0	0
27	16-санлы улыўма билим бериў мектеби	47	2	1	1	0	0	0	0	0
28	12-санлы улыўма билим бериў мектеби	44	1	0	1	0	0	0	0	0
29	17-санлы улыўма билим бериў мектеби	40	2	1	1	0	0	0	0	0
30	18-санлы улыўма билим бериў мектеби	40	1	0	1	0	0	0	0	0
31	19-санлы улыўма билим бериў мектеби	41	2	1	1	0	0	0	0	0
32	22-санлы улыўма билим бериў мектеби	32	1	0	0	0	1	0	0	0
33	2-санлы мектепке шекемги билимлендириў мәкемеси	30	1	1	0	0	0	0	0	0
34	3-санлы мектепке шекемги билимлендириў мәкемеси	26	2	0	0	0	0	1	1	0
35	1-санлы мектепке шекемги билимлендириў мәкемеси	40	1	0	0	1	0	0	0	0
36	4-санлы мектепке шекемги билимлендириў мәкемеси	43	2	1	1	0	0	0	0	0
37	6-санлы мектепке шекемги билимлендириў мәкемеси	45	1	0	1	0	0	0	0	0
38	9-санлы мектепке шекемги билимлендириў мәкемеси	31	2	1	1	0	0	0	0	0
39	13-санлы мектепке шекемги билимлендириў мәкемеси	41	2	0	1	0	0	0	1	0
40	«Бәркамал әўлад» балалар орайы	31	1	0	0	0	0	0	1	0
Жәми:		**2899**	**76**	**29**	**25**	**3**	**7**	**2**	**6**	**7**

Тахтакөпир районы хәкиминиң
2017-жыл «17»-апрелдеги күнги
735-санлы шешимине
2-қосымша

Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2018-жыл ушын бәнт етип қойыў бойынша арнаўлы комиссия
қурамы

1.	Р. Данеғулов	-	Район ҳәкиминиң биринши орынбасары, комиссия баслығы
2.	А. Аллиярова	-	Район ҳәкиминиң орынбасары, комиссия баслығының орынбасары
3.	А. Баймбетов	-	Районлық Бәнтликке көмеклесиў орайы директоры, комиссия хаткери
4.	Т. Нагимов	-	Өзбекистан Жаслар аўқамының районлық Кеңеси баслығы, комиссия ағзасы
5.	Е. Бегманов	-	«Мәҳәлле» қайырқомлық жәмийетлик фонды районлық бөлими баслығы, комиссия ағзасы

Еслетпе: Комиссия ағзалары лаўазымы өзгерген жағдайда оның орнына сол лаўазымға тайынланған ямаса ўазыйпасын атқарыў жүклетилген шахслар киритиледи